


Hutatu hwaMwari



Jehova Mwari wedu ndiye mumwechete.
Dotoronomio 6:4-5

Mateo 3:16-17 - Rubhapatidzo RwaShe Wedu

16 Jesu angobhabhatidza, akabuda mumvura. Panguva iyoyo denga rakazaruka, uye akaona Mweya waMwari uchiburuka senjiva uye ukasvikogara paari. 17 Inzwi rakabva kudenga richiti, "Uyu ndiye Mwanakomana wangu wandinoda, wandinofarira."

Johani 14:25-26 - Chirairo ChaShe

25 "Zvose izvi ndazvitura ndichinemi. 26 Asi Munyaradzi, Mweya Mutsvene, uyo achatumwa naBaba muzita rangu, achakudzidzisai zvinhu zvose uye achakuyeuchidzai zvinhu zvose zvandakareva kwamuri.

Mateo 28:19 - Jesu anokwira kudenga

Naizvozvo endai mudzidzise ndudzi dzose, muchivabhabhatidza muzita raBaba, neroMwanakomana neroMweya Mutsvene.

2 Vakorinde 13:14 - Nyasha dzalshe Jesu Kristu

14 Nyasha dzalshe Jesu Kristu, norudo rwaMwari, nokuwadzana kwoMweya Mutsvene ngazvive nemi mose.

1 Petro 1:1-2 - Petro

Petro, mupostori wajesu Kristu, Kuvasanangurwa vaMwari, vatorwa munyika, vakapararira muPondasi yose, neGaratia, neKapadhokia, Ezhia neBhitinia, 2 vakasarudzwa maererano nokuziva zviri mberi kwaMwari Baba, kubudikidza nebara roMweya rokuvaita vatsvene, kuti vateerere kuna Jesu Kristu nokusaswa neropa rake: Nyasha norugare ngazviwande kwamuri.

Holy, Holy, Holy

by: Reginald Heber

Holy, holy, holy! Lord, God Almighty!
Early in the morning, our song shall rise to Thee;
Holy, holy, holy, merciful and mighty!
God in Three Persons, blessed Trinity!

Holy, holy, holy! Lord, God Almighty!
All Thy works shall praise Thy name
In earth and sky and sea.
Holy, holy, holy, merciful and mighty!
God in Three Persons, blessed Trinity!

Jehova Mwari wedu ndiye mumwechete.
Unofanira kuda Jehova Mwari wako nomwoyo wako wose,
nomweya wako wose, uye nesimba rako rose.

Dotoronomio 6:4-5

Utatu hwaMwari

Nomusi weSvondo, tinonamata Mwari mukunaka kwavo. Kunongova naMwari wechokwadi mumwechete, Baba, Mwanakomana naMweya Mutsvene. SevaKristu, tinoshandisa shoko rokuti “Mwari vatatu.”

1. Ko zvinomborevei kuti Mwari vatatu? (*Mwari mumwechete muhutatu.*)
2. Verenga Dotoronomio 6:4. Kunongova naMwari mumwechete. Taura kuti unofanira kuda Mwari sei. (*Mude nomwoyo wako wose, nomweya wako wose, nesimba rako rose.*)
3. Mwari muhutatu hwavo vaivapo pakubhapatidza kwajESU. Verenga Mateo 3:16-17. Taura kuti mumwe nomumwe wevatatu ava aivapo sei. (*Jesu aivapo munyama, Baba vakataura vari kudenga, NaMweya Mutsvene akadzika senjiva.*)
4. Pachirairo chaShe, Jesu akaudza vadzidzi vake kuti akanga achizobva kwavari munguva pfupi. Ko akati Mwari aizova sei navo mushure mekunge aenda? (*Baba vaizotuma Mweya Mutsvene.*)
5. Ko Jesu akaudza vadzidzi vake kuti vasare vachiitei apo akakwira kudenga? (*Endai munyika, mudzidzise nokubhapatidza.*)
6. Tinoshevedza Mateo 28:19 Kutumwa Kukuru. Ko Jesu anotiudza kuti tiende muzita raani? (*Baba, Mwanakomana naMweya Mutsvene.*)
7. Verenga mashoko ewonekano ari muVakorinte 13:13. Vafudzi vazhinji vanofarira kupa mashoko awa pakunopera kweshumiro yesvondo. Ndeyapi maropafadzo anopiwa nemashoko awa? (*Anopa maropafadzo ehupano hwaMwari muhutatu hwavo kunani zvake anonzwa mashoko awa.*)
8. Vaverengi va1Petro 1:1-2 vakanga vari kutambudza nokuda kweikutenda kwavo. Vakananikidza kusiya misha yavo. Ko kutambudzika kunobatsirira paradzirwa kweVhangeri sei? (*Apo vaKristu vanofamba vachibva pamisha yavo, vanotakura Vhangeri vachienda naro kwavanoenda.*)